

Bonjou Kominote Downstate la,

Non mwen se doktè Ninfa Mehta. Mwen se Direktè Medikal Depatman Ijans nan SUNY Downstate Health Sciences University.

Se ak anpil plezi n ap akeyi ou nan nouvo pwogram telemedsin nou te devlope espesyalman pou ou. Koulye a, ou ka wè youn nan doktè Sal Dijans ki sètifye nou yo videyo, pandan ou chita lakay ou!

Li senp. Tout sa ou bezwen fè se pran yon randevou sou sitwèb ED Telemedsin nou an. Apresa yon manm pèsonèl SUNY Downstate pral kontakte ou pou enskri ou epi voye enstriksyon sou kijan pou w konekte nan Doxyme pou vizit nan videyo ou a.

[Doxy.me](https://doxy.me) se yon pwogram ki sèvi ak kamera avèk mikwo ou pou konekte ou ak doktè pou vizit nan videyo ou a. Ou ka itilize yon òdinatè biwo, òdinatè pòtab, oswa telefòn ki gen yon bon kamera ak mikwo ladan.

Pwochen videyo a pral ba ou enstriksyon etap pa etap ki byen fasil pou suiv.

Rete an sekirite! Rete an sante. Nou la pou ede.